

## ÆНÆХЪÆРТОН АДÆЙМАГИ ФÆЛДЕМÆНТÆ НÆ, ФАЛ КОМКОММÆ АГЪАЗ ГЪÆУЙ!..

***Дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй Уæрæсей Президент В. Путин бафинста Указ, кæцимæ гæсгæ нæ бæсти еугур пенсиесгутæн уæлæнхасæн еухаттон хузи аци анз бафеддзæнæнцæ дæс мин соми. Еци æхцатæ дæр цанæбæрæг æнцæ, фал уæддæр еуцæйдæрбæрцæдæр агъаз уодзæнæнцæ тухамæлттæгæнæг пенсиесгутæн.***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№30 (811) 2021 анзи 21 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман


### ÆМГУСТАДÆ




## ИГЪУСТГОНД ФОНДИ ХАЙАДÆ – ДЗÆУÆГИГЪÆУИ

Аци анз июни игъустгонд фонд «Сколково»-й минæвæрттæ косæг балций адтæнцæ Цæгат Иристони. Уæд фусунтæ æма иуазгутæ бадзубанди кодтонцæ фонд æма нæ республики ‘хсæн урух æмгустадæ рапарахат æма берæвæрсуг бастдзийнæдтæ фенгомдæр кæнуни нисанти фæдбæл.

Æма ци фарстатæбæл æрдзубанди кодтонцæ, уони фæдбæл бæлвурд куст райдайунæн мадзæлттæ фæббæлвурддæр кæнуни зæрдтæй аци бæнтти Цæгат Иристон бабæрæг кодта фонди регионалон æма дуйнеуон æмархайди фарстати фæдбæл вице-президент **Юрий Сапрыкин**. Нæ республики Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйлои** хæццæ фембæлди рæстæг куд фегъосун кодта, уотемæй Дзæуæгигъæуи байгон уодзæнæй фонд «Сколково»-йи минæвайрадæ. Уой косгути бæрни уодзæнæй еумæйаг проекттæ æнхæст кæнуни комкоммæ куст. Уой хæццæ, куд нисангонд цæуй, уотемæй фонди дзæуæгигъæуккаг минæвайради архайд рахъæртдзæнæй еугур Цæгат Кавкази федералон зилдбæл дæр.

Сергей Меняйло хуарз аргъ искодта уæхæн еумæйаг пълантæн. Æ дзубандимæ гæсгæ, цæмæдессагдæр проекттæн берæвæрсуг агъаз уодзæнæй республики разамунди ‘рдигæй.




Царди æгæрон берæ дессагдзийнæдтæй еу е æй, æма адæймаги карнæмæ æнай-æнойти бахæссуй аллихузон, æвæдзи, æхуæдæг æнгъæл дæр ке нæ фæууй, уæхæн æййивддзийнæдтæ. Уонæй хайгин æй **Фидарати Астемури фурт Юрий** дæр. Куд зундгонд журналист, уотæ нури уæнгæ æхуæдæг фæрсидæ иннети, ци фарстати туххæй финсуйнаг уидæ, уонæй. Нур ба, хецаудзийнади бæрнон косæг исуогæй, разамунд дæттуй нæ республики мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитетæн – журналисттæ ин æхе фæрсунцæ аци ахсгиаг къабази бони хабæрттæй, исонибонмæ нисантæй...

Уобæл лæмбунæгдæрæй радзубанди кæнун дæр æнæмæнгæ æнгъезуй, фал нæ абони дзубандий сæр æндæр æй – Фидарати Юрийбæл æнхæст кæнуй æртинсæй анзи. Ка ‘й зонуй, уой кой ке кæнæн, уомæй æй ниффурæфсæрмитæ кæндзинан – куд æцæг хуæдæфсармæ ирон лæг, уотæ æстауæн дзубандитæбæл æгириддæр æхцул дæр нæй, уæдта си æхе хъæбæр еуварс ласуй. Фал æй уæддæр нæхецæн ихæсбæл нимайæн – куд не ‘мгустгæнæг, нæ хуæрзæрдхуард, адæмуарзон æма зæрдхæлар, рæстуодæй нæ дзилли хуарзæн æма нæ Иристони сæрбæлтау архайæг адæймаг, уотæ ин зæрдиагæй райарфæ кæнæн, не ‘Сфæлдесæгæй ин ракорун, цæмæй æнæнез æма зæрдрохс уа, æ бийнонтæ уонцæ фæрнæйдзаг, æ амонд æма æнтæстдзийнæдтæй райдзаст уа!..

3

### АХСГИАГ ФАРСТА



## НÆ ИРИСТОН ХУАРЗ ИУАЗÆГÆЙ ФЕДАУЙ...

Уæрæсей медбæстон туризми райрæзтмæ фæстаг рæстæги фулдæр æргом æздæхт ке цæуй, уой фæрци аци ахсгиаг къабази фæббæрæг æнцæ хуæздæр æййивддзийнæдтæ. Уогæ æгæр бахъор кодта коронавируси пандемийæ, фал аци анзи фиццаг æмбеси бæрæггæнæнтæ куд æвдесунцæ, уотемæй уавæр рæвдзæдæр кæнуй. Туризми федералон агентади бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, аци анзи фиццаг æмбеси нæ бæсти санаторитæ, курорттæ æма иннæ фæлладуадзæн бунæттæ бабæрæг кодтонцæ 24,6 миллион адæймаги. Фари еци æмгъуди хæццæ рабаргæй, е æй 85 проценти фулдæр (фал, куд зонæн, уотемæй фарæ туризми къабази цауд кустæн адтæй бæлвурд эпидемиологон анхосаг). Уой хæццæ, уæлдæрамунд нимæдзтæ куд æвдесунцæ, уотемæй 2019 анзи фиццаг æмбеси бæрæггæнæнтæмæ нæуæгæй фæххæстæг ан – уæди нимæдзæн æ 95 проценти къохи бафтудæй.

### АХСГИАГ ГЪУДДАГМÆ – БÆЛВУРД ÆРГОМ

Туризми къабази райрæзти фарстатæмæ нæ гæнæнтæ æма равгитæмæ гæсгæ бæлвурд æргом æздæхт цæуй Цæгат Иристони дæр. Уобæл адтæй сæ дзубанди нæ республики Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Сергей Меняйлойæн нæ республики туризми комитети сæрдар Хъодзати Заурбеги хæццæ æрæги сæ фембæлди рæстæг.

Нæ республики туризми къабази идарддæри райрæзти хæццæ фарстати фæдбæл дзоргæй, сæрмагондæй æрдзубанди кодтонцæ фиццаградон национ проекти уагæвæрдти ‘хсæн сæ бунат иссирдтонцæ къабази идарддæри райрæзти еугур фæззелæнтæ дæр: туристон инфраструктури объектти райрæзт, туристон лæггæдти нимæдзæ фулдæр æма хуæрзгъæдæдæр кæнун, къабазæн гъæугæ специалисттæ цæттæ кæнун æма уотæ идарддæр.

8


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria

*Нæ республики разамунди курдиадæмæ гæсгæ нæ бæсти гъæуайкæнуйнади министрадæ Цæгат Иристонмæ исæрвиста цæугæ госпиталь. Цæмæй æ куст æнтæстгин уа, уой туххæй гъæугæ мадзæлттæ арæзт цæуй. Алцæмæй дæр цæстдард цæудзæнæй, ка си косдзæнæй, еци æфсæддон дохтиртæ æма иннæ медицинон косгутæмæ дæр, уæдта сæйгитæмæ дæр.*



# ЗÆРДТАГОНÆЙ БАРÆВДАУЙНАГ ÆНЦÆ «НАРТ» ÆМА «АЛАН»

РЕСПУБЛИКÆ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйлойæн** косæг балци адтæй паддзахадон бæхтидрамон театр «Нарт»-мæ. Хецауади Сæрдари хуæдæййевæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Туйгъанти Ларисæ** æма культури министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Къубалти Эльбруси** хеццæ æрзилдæнцæ театри фæзуатбæл, æ разамунди хæццæ радзубанди кодтонцæ.

Театрæн бундор исæвардтонцæ 1990 анзи, уомæй байеу кодтонцæ драмон, хореографион, спортивон, цирки аййевадæ. Абони Уæрæсей е æй еунæг бæхти-драмон театр, косуй си 20 артисти, труппи ес 11 бæхи. Æ разамонæг **Сихъоти Тимур** куд зæгъуй, уотемæй фарæ театрæн балхæдтонцæ æма исфедар кодтонцæ гъар ангар – бæхти манеж. Уой фæрци артисттæ анзи дæргъи репетици кодтонцæ æнæкъулумпитæй. Театрмæ ма игон арви буни манеж дæр ес. Фал республики Сæргълæууæги агъаз кæми гъæуй, уæхæн фарстатæ дæр лæуунцæ сæ размæ. Нæ син фагæ кæнуй административон бæстихай, сæ фæзуат унгæггомау æй.

Еци бон Сергей Меняйло базонгæ 'й Адæмон кафти паддзахадон академион ансамбль «Алан»-и коллективи кусти уавæрти хæццæ. Æ аййевадон разамонæг **Козати Зелимхани** хæццæ дзубандий фæсте республики Сæргълæууæг байхæс кодта, цæмæй цубур æмгъудмæ бацæттæ кæнонцæ бакæнуйнаг гъуддæгути æма нисанти хигъд. Сергей Меняйло исæвардта кафгути размæ ихæс: гъæуама уæлдæр, хуæздæр æмвæзадæмæ рахезонцæ.

Ансамбль «Алан» фæззиндтæй 1938 анзи, коллектив æрзилдæй дуйней берæ бæстæбæл, фондз континенти дуйнеуон фестивали сугъзæрийнæ майдани хецау иссæй францухаг Дижони, æй Хетæгкати Къостай премий лауреат, еугуруæрæсеуон æма дуйнеуон конкурсти уæлахездзау. Нуртæккæ исфæлдистадон къуари ес 80 адæймаги, æ репертуари – 16 исфæлдистадон номери. Программæ гъавунцæ фæуурухдæр кæнун, хуæцгæнези азарæй сæ гастрольтæ бауорæдтонцæ. Сæ тухстагдæр фарстатæ 'нцæ минкъий улупа, гъæугæ автобус балхæнун æма репетицитæ кæнæн бунати цалцæг.



# ЦÆУГÆ МЕДИЦИНОН КОМПЛЕКСТÆ – ЦÆГАТ ИРИСТОНИ

ХÆСТÆГДÆР рæстæг Цæгат Иристони косун райайдзæнæнцæ цæугæ медицинон комплекстæ. Республики æдеугур уодзæнæй цæлхитæбæл цуппар уæхæн поликлиники. Проект æнхæстгонд цæуй **Сергей Меняйлой** хъæппæресæй.

Нури уæнгæ бал республикæмæ Устур Новгородæй исхъæрдтæй фиццаг уæхæн поликлиникæ. Дзæуæгигъæуи Сæребари фæзи компани «ПМК-МЕДЭК»-и специалисттæ фусунтæн исаразтонцæ медицинон комплекси презентаци, радзурдтонцæ цæугæ поликлиники урух фадуæтти туххæй. Уотæ, алли комплекси дæр ес æртæ сæрмагонд хуæдтолги. Уонæй алкæций дæр ес гъæугæ техникæй ефтонггонд медицинон къæбинеттæ.

Компаний минæвæрттæ куд радзурдтонцæ, уотемæй уæхæн комплексти косдзæнæнцæ терапевт, невролог, офтальмолог, гинеколог, уролог æма УЗИ-й специалист. Комплекси техникон фæрæзнити фæрци аллихузон незтæ рабæрæг кæнæн уодзæнæй сæ райдайæн къæпхæнбæл. Еу бонмæ уæхæн комплекси лæггæдтæй испайда кæнуни фадуат уодзæнæй 40 адæймагемæн.

Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй хæстæгдæр рæстæг республикæмæ иссæудзæнæнцæ никкидæр ма æртæ уæхæн медицинон комплекси. Уонæн профилон ведомствæ рагацау иснисан кæндзæнæй рæстæгмæ бунæттæ.

– Республики цæргутæн комплексти лæггæдтæ уодзæнæнцæ лæвар. Куд нисангонд цæуй, уотемæй цæугæ поликлиникитæ рæстæгæй-рæстæгмæ æрветдзинан идæрддзæф гъæутæмæ дæр, – фæббæрæг кодта æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тебиати Сослан** (къари – галеуæрдигæй).

Компани «ПМК-МЕДЭК»-и хецау **Юрий Протасов** (къари – рахесæрдигæй) сæрмагондæй байамудта, медицинон комплекстæй еу сувæллæнттæн нисангонд ке уодзæнæй, уой:

– Еци комплекстæй ба еу æрбунæттон уодзæнæй ахурадон косæндæнтти рази. Уордæмæ сувæллæнттæн уодзæнæй сæ ниййергути хæццæ 'рбацæуни фадуат. Ирæзгæ фæлтæрæн си кæндзæнæнцæ диспансеризаций мадзæлттæ.

Зæгъун гъæуй, компани «ПМК-МЕДЭК» медицинон лæггæдти къабази 30 анземæй фулдæр ке косуй, уой дæр. Абони уæнгæ компани уæхæн проекттæ æнхæст кæнуй цалдæр уæрæсейаг регионы.



РЕСПУБЛИКИ еугур районти дæр нæуæг ахури анзмæ байгон уодзæнæй кадетон æма математикон кълæстæ. Уой бабарæ кодта **Сергей Меняйло,** республики разамунди хæццæ алли къуæрей ци æмбурд исаразуй, уоми.

Республики еугур районтæ дæр уæхæн кълæстæй гъæуагæ ке æййафунцæ æма сæ байгон кæнунмæ ахури къабазæн æ гæнæнтæ ке амонунцæ, уой бафеппайдта республики ахурадæ æма науки министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Алибегти Эллæ**. Уомæй уæлдай, Сергей Меняйло загъта, скъолати, гæнæн ес, æма байгон уонцæ Слестгæнæн комитети, Æнæнгъæлæги цаути министради кадетти профилон кълæстæ, æма бабарæ кодта профилон министрадæн исбæлвурд кæнун, цæйбæрцæ ахсгиаг уодзæнæнцæ еци нæуæг гæнæнтæ, сувæллæнттæ æма сæ нийййергути цæстæй ракæсгæй.

Республикæ æхе разæнгардæй цæттæ кæнуй нæуæг ахури анзмæ. Алибегти Элли дзубандимæ гæсгæ, скъолатæн сæ 94 проценти æ райдайæнмæ 'нцæ цæттæ. Уой хæццæ, 12 скъолайи абони бонмæ нурма нæма ес, гъар кумæ хъæртуй, уæхæн иуазæгдæнттæ. Аци фарста 1 сентябрьмæ ралух кæнуни ихæс Сергей Меняйло исæвардта республики Цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради, артаг æма энергетики министради размæ.

Иннæ ахсгиаг фарста – ахуради къабази косгутæн сæ улупа. Профилон министрадæмæ е 'ргом раздахгæй, республики разамонæг бафеппайдта, ахургæнгути улупа нисан кæнуни нæуæг гæнæнтæ гъæуама бæлвурдгонд æрцæуонцæ, 2022 анзи бюджет пълан кæнун цалинмæ нæма райдæдтонцæ, уæдмæ, цæмæй гъæугæ хæрзтæ хаст æрцæуонцæ сæйраг финансон документмæ. Аци фарста хауй æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади косгутæмæ дæр.

Республики разамунди 'рдигæй уæлдай æргом æздæхт цæуй медицинон косæндæнттæ тауæггурæй (кислородæй) æфсадуни фарстамæ. Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тебиати Сослан** куд фегъосун кодта, уотемæй, медицини къабази куст нуртæккæ бæрæг ка кæнуй, еци специалисттæ хæстæгдæр бæнтти бацæттæ кæндзæнæнцæ, ци хатдзæгтæ искæнонцæ, уой фæдбæл гъæугæ гæгъæди. Уæдта, республики медицинон косæндæнтти тауæггури станцитæ исаразуни фæдбæл Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæмæ ци фæндæнттæ ес, уони хæццæ æй байеу кæндзæнæнцæ.



# ÆВÆДЗИТÆЙ НÆЙЙЕС ИСАРАЗÆН ГЪÆУГÆ ГЪУДДÆГУТÆН!..

– Уобæл бадзубанди кæнуни гъуддаг ма ниддæргъвæтийнæ кæнетæ, уомæн æма уомæй арæзгæ 'й сæйгити æнæнездзийнадæ сæ цард. Тауæггури станцитæ сæйгæдæнтти раздæр ку адтайдæ, уæд Тагъд агъази клиникон сæйгæдони амæй размæ ци бæлах æрцудæй, уомæй адтайанæ хизт. Цийфæнди фарстайæн дæр ес ралухгæнæн, адæймаг ибæл афойнадæбæл архайун ку райдайа, уæд, – загъта Сергей Меняйло.

Уомæй уæлдай, æмбурди архайгутæ æркастæнцæ, национ проекттæ Цæгат Иристони куд æнхæстгонд цæунцæ, еци фарстамæ дæр. Республики Хецауади Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тускъати Тайморааз** ранимадта, се 'нхæст кæнуни куститæ кæмæн фæкъкъулумпи 'нцæ, еци национ проекттæ æма паддзахадон программитæ, се 'хсæн: «Демографи», «Цæрæнуæттæ æма горæтаг фæзуат», уæдта паддзахадон программæ «Фиццаградон медико-санитарон къабази райрæзт».

Сергей Меняйло бафæдзахста: кустити æмгъудтæн ихалæн нæййес. – Нæ къохтæ æруадзæн, уомæн гæнæн нæййес, æма уой алкедæр гъæуама лæдæра. Ес гъуддагбæл дзуапдæттæг регионалон æма муниципалон хецаудзийнади оргæнтæ, фал куст размæ нæ цæуй. Къурцдзæвæн райеуварс кæнунæн ести мадзæлттæ кæнæн? Национ проекттæ афойнадæбæл æнхæстгонд ку нæ цæуонцæ, уæд уобæл комкоммæ дзуапп дæтдзæнæнцæ бæрнон адæймæгутæ, – загъта Сергей Меняйло æма бафеппайдта, куститæ, уæдта, алли къуæрей æмбурдти ци унаффитæ рахæссунцæ, уони æнхæст кæнуни фæтке фæккарздæр уодзæнæй еугур къабæзти дæр.

Цæгат Иристони зундгонд хæдзарадон æма паддзахадон архайæг Мецъати Знаури фурт Ирбеги райгурдбæл 25 августи æнхæст кæнуй аст æма фондзинсæй анзи (1936-2019).

*Аци бæнтти идарддæр æнхæстгонд цæунцæ цалцæггæнæн куститæ Чиколай Уæлахези парки. Ирæфи райони бунæттон хеунаффæйади администраций сæргълæууæг Лагкути Омар куд фегъосун кодта, уотемæй, нисангонд куститæн нури уæнгæ исæнхæст кодтонцæ се 'мбесæй зингæ фулдæр. Чиколай ма иннæ æхсæнадон фæлладуадзæн бунæтти дæр цæунцæ фæлгонцадон куститæ.*





ФИДАРАТИ Юрий æма газет «Дигори» сæйраг редактор САКЪИТИ Эльбрус.

# АДÆЙМАГИ НОМ ЦИТГИНÆЙ ХÆССУНИ ЛÆГДЗИЙНÆДТÆЙ ХАЙГИН ÆЙ!..

Аци курухон загъд нæ рагфидтæлтæй байзадæй, æма нин абони дæр ма царди гургъахъ нæдтæбæл цирагъеуæг кæнуни хузæн развæндаг амонæг æма нифсдæттæг æй. Еци загъдмæ гæсгæ зундирахастбæл ци адæймаг хуæст фæууй, е дзилли 'хсæн федауцæй кæнуй æ царди хабæрттæ, æхецæн дæр æма æ алфамбулай адæмæн дæр фарнæ æма зæрдрохсдзийнадæ хæссуй. Гъе уæхæнæй æй зонунцæ æнæгъæнæ Иристони дæр дзиллæ. Аци бæнтти 60 анзи æнхæст кæнуй зундгонд журналист æма æхсæнадон архайæг, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути Комитети сæрдар ФИДАРАТИ Астемури фурт Юрийбæл.

Райгурдæй Рахесфарси райони Зæронд Бæтæхъойгъæуи 1961 анзи 23 августи. 1983 анзи каст фæцæй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон университети филологон факультет. Е 'сфæлдистадон архайд райдæдта Цæгат Иристони телеуинунади дикторæй, фæстæдæр ба куста республикон радиой хестæр дикторæй. Спортуарзгутæ 'й гъуди кæнунцæ аллихузон спортивон еристи дæсни комментаторæй. Футболон гъæзтити цудæвдесæг уогæй, æ бæрзонд æмвæзадæбæл æвæрд дзубандийæй, æхемæ æригъосун кæнидæ мингай футболуарзгути. Фидари-фурт ма æнтæстгинæй куста Еугурцæдесон радиой, радиостанцæ «ЮНОСТЬ»-и, радио «Маяк»-и уацхæссæгæй дæр. Хуарз зундгонд æй телеуинунадæмæ кæсгутæн дæр, куд æхсæнадон-политикон равдист «Свобода слова»-йи разамонæг, уотæ дæр. Адтæй газет «Пульс Осетии»-и сæйраг редактор. Нуртæккæ ба æнхæст кæнуй уæлдай ахсгиаг æма бæрнон ихæс – разамунд дæттуй нæ республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити, мухури, дзиллон коммуникацити къабазæн. Цубур дзурдæй, журналистти сосæгдзийнæдтæмæ еуварсæй кæсæг некæд адтæй æма нерæнгæ дæр ма нæй.

Кæмидæриддæр куста, уоми лæги æфсарæбæл гадзирахаттæй некæд рацудæй. 2012-2017 æнзти адтæй Цæгат Иристони Парламенти депутат парти «Уæрæсей патриотти» номæй. Куд æхсæнадон архайæг, уотæ алкæддæр уæлдай бæрзонддæр бунати æвæруй моралон принциптæ. Е уæлдай ирддæрæй рабæрæг æй 2012-2017 æнзти Цæгат Иристони Парламенти депутат ку адтæй парти «Уæрæсей патриотти» номæй, уæд. Рæстзæрдæ æма федар фæдфæдонæй архайдта, е 'взаргути хуарзæн, адтæй сæ сæрбæлдзорæг.

Куд журналист æма æхсæнадон архайæг, уотæ еудадзуг адтæй æма 'й дзилли 'хсæн, етæ 'й хуарз зонунцæ æма ин устур аргъ кæнунцæ. Еугурей зæгъуйнæгтæ ниммухур кæнуни равгæ нин нæййес, фал си цалдæремæн ба уæддæр дзурди барæ дæттæн.



**СУАНТИ Станислав, инæлар-болкъон, орден «Иристони намус»-и кавалер.**

– Æнæгъæнæ Иристони дæр Фидарати Юрийи ном игъустгонд æй, куд ахургонд, искурдиадæгин журналист, уотæ. Æй дæсни разамонæг æма хумæтæг, хуæрззæрдæ, рæстуод адæймаг, нæ дзиллæ æцæгæй ке нимайунцæ, уæхæн лæг. Æ алли уацхъуди, æ алли дзурд æма ниффинст рæнгъæ дæр æй рæстбæлдзорæг, бæрнон цардаразæг.

Фидари-фурти армдзæф æй, куд фæззæгъунцæ, æ цæсгонæвдесæг хузæ. Никкидæр ма мæ уотæ дæр баханхæ кæнун фæндуй: Астемури фурт Юрийи хузæнттæй фæззæгъунцæ адæм: «Æцæг ирон лæг æй!..» Æ дзурдæн лæг æй, æ цæстингас дæр æма æ зæрдихатт дæр некæд æййевуй, æргомæй хуæцуй рæстдзийнади фарс.

Фидарати Юрийи хузæнттæ 'нцæ нæ адæмихатти цæсгон. Æз сæрустур дæн, Юрий, дæ хæццæ лимæнæй ке цæрун, уомæй. Дæ 60 анзей бæрæгбони фæдбæл дин мæ зæрдæ зæгъуй, Иристони зæнхæбæл тæккæ фулдæр ка фæццардæй, уони æмæмбæрцæ куд фæццæрай, еци хуарздзийнадæ!



**Валерий КУКОВ, болкъон, Уæрæсей Федераций Бæгъатæр.**

– Фидарати Юрийи хæццæ рагæй цæрæн лимæнæй, фал никки хæстæгдæр ба базонгæ ан Парламенти еумæ косгæй. Æма мæ бон æй федарæй зæгъун: æй уодæй раст æма зæрдæй кæдзос адæймаг. Иристони зæнхæбæл уæхæн адæймæгутæ никки фулдæр ку цæридæ, уæд нин дзæвгарæ æнцондæр уидæ нæ цардиуаги еугур райаразуйнаг фарстатæ æнтæстгиндæрæй лух кæнунæн.

Æргомзæрдæ, æргомдзурд, алцæбæл дæр мæтæгæнагæ, етæ 'нцæ Юрийи меддуйней сæйраг æуууæлти еу хай, багъæуаги алкæддæр æ бон æй, æ усхъæ бадарун адæймагмæ, æ агъаз ке багъæуа, уомæн, ци гæнæн æма амал ес, уомæй фæййагъаз кæнун. Æ уодхæссæг æнцæ гъуддагмæ æбæрнон цæстæй ракаст, æнæбитъиздзийнадæ.

Мæ хъазар Юрий! Дæ бæрæгбон дæбæл алкæддæр дзæбæхæй, зæрдрохсæй цæуæд! Сабур цардæй хайгин уо!



**УАТАТИ Зелим, æхсæнадон архайæг, нæ республики Парламенти депутат.**

– Æ берæ лæгдзийнæдтæй Фидарати Юрийæн сæ сæйрагдæрбæл уой нимайун, æма æ нийиергутæй хуæрзæгъдау, хуæдæфсармæ æма кади аккаг уни менеугутæ райста, уонæбæл федарæй еузæрдиуон æй æ цардвæндаги алли бон дæр æма алли гъуддаги дæр. Æ мадæ Фидарати Зинаидæ адтæй мæ ахургæнæг, æма 'й абони дæр ма зæрдæхцæуæнæй имисун. Фидарати Астемури бийнонтæ адтæнцæ нæ гъæуи тæккæ нимаддæр бийнонтæй еуебæл нимад. Цийфæнди куст ку кодтайдæ Юрий, уæддæр имæ кастæй бæрнон цæстæй. Нуриккон журналистики уойбæрцæбæл аллихузон фæззелæнтæ ес æма си адæймаг ку банайуй, уæд фулдæр хæттити æ сæри зунд никкуддæртæ уй, сауæнгæ æхе цæсгонбæл дæр ма гадзирахаттæй рацæуй, исуй цидæр нецæййаг гъуддæгути цагъар – уомæн еци «журналистикæ» æй фæливд, хеуæйæгæнæг, кедæр фудзунд фæндтæ æнхæстгæнæг. Æцæг журналистикæ ба цардаразæг æй, æхсæнади медæгæ рохситауæг. Уой уомæ гæсгæ зæгъун æма Юрий куд журналист, уотæ æ журналистон архайди, мæнæ кедæр зæрдæмæ фæццæуон зæгъгæ, уæхæн мæнгæ гъудий фудæй æ размæцуди, æ рæстади надæй некæд фæккиудтæй, алкæддæр æй æргомзæрдæ æма рæстуод. Æ цæсгони æфсари сæрти некæд рахизтæй. Алкæддæр дзоруй, ци гъуди кæнуй, уой æргомæй.

Æ аци бæрæгбони ин мæ зæрди ес устур арфитæ ракæнун. Æнæнез уо дæ бийнонти хæццæ. Дæ развæндаг алкæддæр ирд æма райдзаст уæд!

***

***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет, уæдта республикон газет «Дигорæ» æма литературон-аййевадон журнал «Ирæф»-и редакцити коллективтæ дæр, зæрдибун арфæ кæнунцæ æ 60 анзей бæрæгбони фæдбæл Фидарати Юрийæн. Берæ нæуæг, цæмæдессаг проекттæ æма нисантæ нæмæ ес абони. Æма нæ зæрдæ дарæн, еумæ æмзундæй, æмдухæй сæ царди рауадзун нæ бон ке бауодзæнæй, уобæл. Æнæнез нин уо æма дин никки устурдæр æма фулдæр æнтæстдзийнæдтæ зæгъуй нæ зæрдæ!***

# ТÆССАГ УАВÆРТÆМÆ ГÆСГÆ МАДЗÆЛТТÆ ДÆР ФÆККАРЗДÆР ÆНЦÆ

**Коронавируси æуууæлтæмæ гæсгæ исæвзургæ санитарон-эпидемиологон уавæр карздæр ке кæнуй, уой нимайгæй, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Сергей МЕНЯЙЛОЙИ Указæй уæлæнхасæн гæрæнтæ æвæрд цæуй дзиллон мадзæлттæ (кувдтитæ, киндзæхсæвæртæ, зиани кæндитæ æма уотæ идарддæр) аразуни фæтки.**

Уой хæццæ, Указæй бæлвурд амунддзийнæдтæ лæвæрд æрцудæй æхсæнадон хуæлцади организацити кусти туххæй дæр. Сæрмагондæй документи бæрæггонд æрцудæй, еугур санитарон-эпидемиологон цæстдарди домæнтæ дæр æнæмæнгæ æнхæстгæнгæ ке 'нцæ, е. Уони нимæдзи – 1,5 метри социалон хе изолдаруни фæткæ дæр.

Куд зонæн, уотемæй республики Сæргълæууæги Указæй 2021 анзи 23 июнæй фæстæмæ сæ тухи 'нцæ уæлæнхасæн санитарон цæстдарди уæхæн мадзæлттæ:

– æхсæнадон хуæлцади организацитæ гъæуама косонцæ айдагъдæр 6 сахаттемæй 23 сахаттей уæнгæ;

– рæстæгмæ гъæуама уорæд æрцæуа базарадон центри рази косæг сувæллæнтти гъазæнуæттæ æма фуд-кортти архайд, æхсæвигон клубтæ, дискотекитæ, кафæн фæзтæ æма æндæр уæхæн бунæттæ дæр гъæуама уонцæ æхгæд;

– театртæ, кинотеатртæ æма концертон залтæ гъæуама косонцæ уæхæн фæткæмæ гæсгæ: еци-еу рæстæг зали еугур бунæттæн се 'мбес гъæуама уа уæгъдæ;

– паддзахадон хецаудзийнади æма бунæттон хеунаффæйади оргæнтæмæ, медицинон организацитæ æма афтектæмæ, базарадон организацитæмæ, автовагзалтæ æма станцитæмæ, уæдта æндæр æхсæнадон бунæттæмæ бацæугæй, маскитæ 'нцæ æнæмæнгæ даргæ;

– еугур организацити разамонгутæ дæр гъæуама фадуæттæ исаразонцæ санитарон-эпидемиологон цæстдарди мадзæлттæ æнæкъулумпийæй æнхæст кæнунæн;

– кустдæтгутæн амунд æрцудæй, цæмæй, 65 анземæй уæлæмæ кæбæл цæуй, уæдта аллихузон хроникон незтæ ке тухсун кæнунцæ, еци косгути раййевонцæ идарддзæфмæ архайди фæткæмæ, кенæ ба син радтонцæ аллианзон отпуск федералон закъонæвæруйнади уагæвæрди бундорбæл;

– зиани кæндитæ ка аразуй, етæ гъæуама æрбацæуæг адæми ефтонг кæнонцæ маскитæ æма дезинфекцион фæрæзнитæй, уой хæццæ, архайонцæ, цæмæй саударæн æмбурди архайгути нимæдзæ уа минкъийдæр.

Нур еци фæткæмæ уæлæнхасæн бафтауйнæгтæ хаст æрцудæй. Уотæ, æхсæнадон хуæлцади косæндæнтти кувдтитæ, киндзæхсæвæртæ æма æндæр дзиллон мадзæлттæ аразгæй, зали еци-еу рæстæг 100 адæймагемæй фулдæр гъæуама ма уа. Уой хæццæ, стъолти 'хсæн гъæуама уа 1,5 метрей бæрцæ.

Республики Сæргълæууæги Указæй цæстдарæг ведомствитæн амунд æрцудæй, цæмæй санитарон-эпидемиологон цæстдарди аци æма иннæ мадзæлттæ æнхæст кæнуни фæткæмæ уа лæмбунæгдæр цæстдард.

***Уой туххæй фегъосун кодта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ.***



**Уруссаг паддзах Иван IV Грозный æма кæсгон къниаз Темрюк Идарови кизгæ Гошаней (дзиуарæфтуди фæсте – Мария) сæ цард ку байеу кодтонцæ, уобæл 21 августи исæнхæст æй фондзсæдæ анзи.**

***Номдзуд французаг финсæг Александр ДЮМА (1802-1870) кæддæр фæббуцæу æй еу бердзейнаги хæццæ. Грекъаг загъта: «Еугуремæй зундгиндæр лæгтæ æма номдзуддæр философтæ мах бæстæй рацудæнцæ!..» Дюма ин уайтæккæдæр уотæ: «Раст зæгъис. Бердзенистонæй рацудæнцæ. Уомæ гæсгæ уæмæ уоми еунæг зундгин лæг дæр нæбал байзадæй...»***

# НÆ ИРИСТОН ХУАРЗ ИУАЗÆГÆЙ ФЕДАУЙ...



Специалистти гъудимæ гæсгæ, проекти угæвæрдтæ комплексон угæй агъаз кæндзæнæнцæ туризми къабази идарддæри райрæзтæн.

Фембæлди архайгутæ куд фæббæрæг кодтонцæ, уотемæй хæстæгдæр рæстæг Цæгат Иристон дæр бавналдзæнæй фиццаградон национ проектти угæвæрдтæ æнхæст кæнунмæ. Еци куст циуавæр фæткæмæ гæсгæ арæзт цæудзæнæй, уобæл лæмбунæг æрлæудтæй Хъодзати Заурбег. Æ дзубандимæ гæсгæ, специалисттæ бакосдзæнæнцæ цæмæдессагдæр туристон проекттæ царди рауадзунбæл. Уонæбæл идарддæр архайд цæудзæнæй ведомствæ æма Хецауади æмвæзадæбæл.

Нæ республики туризми къабази райрæзти фæдбæл нисангонд мадзæллтти зингæ хай баст æй Дигоргоми хæццæ. Уомæ гæсгæ нæ зæрди ес уой фæдбæл хецæн æрмæгутæ нæ газети ниммухур кæнун. Уонæй еуей кæсетæ абони номери.

## АЛÆМÆТИ ДУЙНЕ – НÆ ДИГОРГОМ

Хуæнхон Дигори дессаги рæсугъддзийнади æма æнæферонхгæнгæ зæрдæбæлдаранæн бунæтти туххæй радзорун æнгон нæй. Æрдзæ аци æмбесонди къумæн балæвар кодта æмбохгæ цæугæдæнттæ, финкæкалгæ æхсæрдзæнтæ, уæлхонх игуæрдæнтæ æма фонси хезнитæ, сатæг цъететæ, æндæр хуарздзийнæдтæ. Мадта ами ци хуæнхон бæрзæндтæ ес, етæ дæр минкъий рæсугъддзийнадæ нæ дæттунцæ Дигори æрдхуæрæни комæн.

Фæстаг æнзти нæ республики сахартæ æма гъæутæй, Уæрæсей иннæ регионтæй дæр фулдæр адæм цæун райдæдтонцæ хуæнхон Дигорæмæ. Æма е хумæтæги нæй. Дигоргом æй туризми, альпинизм æма хуæнхон лыжитæй гуруни спорти тæккæ хуæздæр рауæн. Ардæмæ фиццаг хатт ка 'рбацæуй, етæ дес фæккæнунцæ нæ хуæнхти бæрзонд цъоппитæбæл, нæзи бæлæсти рæсугъддзийнадæбæл, æндæр æрдзон хузтæбæл.

Хуæнхон Дигори центрон хаййи ес Цæгат Иристони тæккæ устурдæр Къæрæугоми цъете. Æ дæргъæ 'й 15 километрей бæрцæ, æма цъетей бунæй гъæргæнгæ æма финкæкалгæ æмбохуй Къæрæугоми дони саха. Бæрзонд къардеутæй хаугæй, Къæрæугоми дæнттæ фестунцæ æнæнимæдзæ пурхæнтæ, æма сæ сатæг комиуолæфт æхцæуæндзийнадæ фæддæттуй бæлцæнттæн. Дæлдæр ба цæугæдон тæссар къæдзæхти 'хсæнти тундзуй агъазиау рæсугъд гъæдти 'хсæн. Галеуæрдигæй дæр æма имæ рахесæрдигæй дæр хаунцæ къада цæугæдæнттæ. Етæ райгурунцæ бæрзонд æнæнимæдзæ мети хъæпæнтæ æма цъетети урс æхсирæй. Къæрæугоми тæккæ устурдæр къабæзтæ 'нцæ Бартуй æма Фæстаг, сæ донигурæнтæ ба – уони æнгон цъететæ.

Аци цæугæдæнттæ ци кæмтти уайунцæ, уонæбæл фестæгæй рабалци кæнун æ бон бауодзæнæй алкæмæндæр, цæмæй алцидæр æхе цæститæй фæууина æма зæрдæй банкъара аргъæуттæ бæсти рæсугъддзийнадæ. Десаг имæ фæккæсдзæнæнцæ хуæнхон æхсæрдзæнтæ дæр. Етæ ба Дигоргоми минкъий нæ 'нцæ, хуæнхти геологон арæзт ами хузæн ке некæми 'й, уой туххæй.

Раст ку зæгъæн, уæд Къæрæугомæй нигулæнæрдæмæ минкъийдæр рæсугъддæр ком нæййес, æма е ба хиннуй Ирæффгом. Масоти цъете æма алливарс хуæнхти сæртæй ци сахатæ æнгъæвзуй, уонæй баберæ уй Ирæф æма коми фæрстæ æвдæрзгæ парахаттæй æнгъæвзуй будурмæ. Æ фæйнæфарс ба райтинг æнцæ хуæнхон игуæрдæнтæ æма фонси хезнитæ.

Уæхæн дессаги æрдзон хузтæ фæууинæн ес Къæрæугомæй искæсæнæрдæмæ – Гулæри коми дæр. Фал уой туххæй сæрдæмæ æнгъæлмæ кæсун нæ гъæуй. Анзи кæцифæнди афонæ дæр хуæнхон Дигорæ 'й хуæрзконд æма аййев. Сæрдигон хор ку никкæсуй æ зинг цæстæй, уæддæр си æнтæф нæ фæууй. Фал уой хæццæ хормæ бауæр содзунæй Сау денгизæй билæй лæгъуздæр нецæмæй æй.

Алли хатт дæр куд фæууй, уотæ зумæг райдайуй ноябри-декабри æма рахæссуй 5 мæйи бæрцæ. Фулдæр кæмтти уойбæрцæ мет ниууаруй, æма, лыжитæбæл кенæ дзонугътæбæл гуруни спорт ка уарзуй, етæ гъæстагæй некæд байзайунцæ.

Устур ахедундзийнадæ ес Дигори хуæнхрæбун уадздзагæн дæр. Ами ес æмбæлгæ бацæуæн нæдтæ, ахсгиаг гъæууонхæдзарадон районтæ æма гъæугæ туристон-экскурсион объекттæ. Уомæй уæлдай, хуæнхрæбун хаййи географион райвæрд фадуатгун ке 'й, уой туххæй раудзæн ес, Цæгат Иристон æндæр регионти хæццæ ка бæтта, уæхæн туристон маршруттæ. Зæгъæн, хуæнхон Дигорæй Гурдзий æфцæгбæл Республикæ Гурдзистони курортон район Шови æма Онмæ, Ирæфи комбæл ба – синхаг Кæсæг-Балхъармæ. Ардæмæ Уазай æфцæгбæл нихезæн ес Мæцутæй дæр. Мадта Дзинагъай Дигори партизанти къахнадбæл Гулæри, Згиди æма æндæр æфцæгутæбæл балцитæ исраазæн ес Цъæйи коммæ дæр.

Айдагъ туристтæ æма экскурсанттæ нæ, фал, нæ республики цæргутæй дæр фиццаг хатт хуæнхон Дигори ка фæууй, етæ дес фæккæнунцæ астæуккаг æнности арæзт мæсгутæбæл. Аци арæзтæдтæ ба 'нцæ Мæцути, Задæлески, Къумбулти, Донифарси, Лезгори æма Дигори коми æндæр цæрæн бунæтти. Мадта къæдзæхгун рагъи æрдзон цирттдзæвæнтæ дæр минкъий цæмæдессаг нæ 'нцæ. XIX æноси кæрон зундгонд ахургонд Н.Я. Динник «Олисай дон», зæгъгæ, еци лæгæти иссирдта цалдæр гъæддаг гали сæри къудури. Аци цау уобæл дзорæг æй, æма кæддæр Цæгат Иристони зæнхæбæл дæр цардæй гъæддаг гал, фæстæдæр исехсудæй нæ гъæди къилдунти. Нуртæккæ ба Дигори коми æрдзон бунæтти ахид æнцæ дзæбедур, сикъе, арс, уæдта робас, æндæр гъæддаг цæрæгойтæ. Кæддæр алтайаг æхсæрсæттæг ласт æрцудæй Цъæйи коммæ, æма фæстаг æнзти аци цæрæгой бафтудæй Дигори коми хехгун гъæдтæмæ дæр. Еу дзурдæй, ами цæрæгойти дуйнемæ хæдзардзин цæстæй ракæсæ, уæд экскурсион æма туристон къуæрттæн уайдæ агъазиау фæлгæсæн бунат.

Куд зæгъæн, уотемæй фæстаг æнзти нæ бæсти алли рауæнтæй фулдæр спортивон къуæрттæ цæунцæ Дигори коммæ. Етæ фестæг балцитæ исаразунцæ æфцæгути сæрти æма уомæй бæрзонддæр кæнунцæ се спортивон арæхстдзийнадæ. Ами цалдæр хатти арæзт æрцудæнцæ туриадитæ, балцити разамонгутæ цæттæгæнæн æмбурдтæ æма турорганизаторти семинартæ дæр. Уомæй уæлдай, хуæнхон Дигорæ 'й дони туризми тæккæ хуæздæр рауæн. Ами алкæддæр се спортивон дæсниадæ фенхæстдæр кæнунцæ, спорти аци хузæ ка уарзуй, еци адæм. Дони маршруттæ ба райдайунцæ Ирæфи цæугæдонæй, рахезунцæ Теркмæ æма идарддæр цæунцæ Хъаспий денгизмæ. Тæккæ дессагдæр ба экскурсий æрбацæугутæ æма туристтæмæ фæккæсунцæ национ парк «Алани»-й æрдзон бунæттæ.

* * *

***Кæронбæттæни ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма хуæнхон Дигори туристон къабази рæзти фæдбæл идарддæр дæр ма мухур кæндзинан сæрмагонд æрмæгутæ.***







***Аци анз æнхæст кæнуй фондз æма астæемæ анзи æ рамæлæтбæл. Æма нæ ихæс æй æ рохс ном ин æримисун. Уомæн æма уой аккаг æй, æ цубур царди дæргъи (1172-1216) агъазиау хуарздзийнæдтæ исаразта, сæйрагдæр ба – æ фæсте ци устур литературон хæзна ниууагъта, е æй дуйней номдзуддæр уадзимистæй еу, æности дæргъи е цæргæ рацудæй, уæдта цæрдзæнæй æностæй-æностæмæ.***



***Уой фæдбæл æнцæ, мæнæ идарддæр ци æрмæгутæ мухур кæнæн, етæ дæр – уонæй еу, Шота Руставелий тухххæй цубур уац æ рæстæги ниффинста номдзуд ахургонд-филолог, профессор ДЗАГУРТИ Губади (1888-1979).***

Гурдзий æма Иристони адæмтæ нæ Цитгин Исфæлдесæги фæндæй берæ æности дæргъи цæрунцæ фæрсæй-фæрстæмæ. Еци æности дæргъи Гурдзимæ фæззиндтæй гъæздуг културæ. Гурдзий култури тæвагæ æнæфæззингæ нæ фæцæй мах адæми културæбæл дæр. Уомæн берæ æвдесæнтæ æрхæссæн ес, фал Дáредзантæ æма уонæбæл дессаги таурæхъти кой ку искæнæн, уæд айдагъ е дæр фагæ уодзæнæй.

Гурдзимæ хе финсуйнадæ, киунугæ раги фæззиндтæй æма уой фæрци ба сæмæ – зингæ фингутæ дæр, байзайæггæтæн устур литературон хæзнатæ ка ниууагъта, уæхæнттæ. Уонæн сæ номдзуддæр æй Шота Руставели.

Шота Руставели гурдзиаг адæмæн æй æ хъазардæр хъæболтæй сæ тæккæ уарзондæр. Гурдзиаг адæймагæй Шотай ка нæ зонуй, еу уæхæн адæймаг нæ адтæй æма нæййес. Уотæ ке адтæй, уомæн æвдесæн æй уæхæн гурдзиаг адæмон æгъдау: кизгæ киндзи цæуй, зæгъæ, уæд ин хуæздæр лæвараен æ хæццæ лæвардтонцæ «Хъæйтар стайи цари» («Витязь в тигровой шкуре») дæр.

Поэмæ тæлмацгонд æй дуйнейи хъæбæр берæ æвзæгтæмæ. Уомæ гæсгæ Шотайи ном никки фулдæр адæмтæ базудтонцæ. Берæ наукон-æртасæн киунугутæ финст æрцудæй еци уадзимиси фæдбæл. Æртасунцæ æй аллирдигæй, уомæн æма уацæн æ медес æй тухгин, гъæздуг.

«Хъæйтар стайи цари» æй кади зар уарзондзийнадæ, хæлардзийнадæ æма æхсардзийнадæбæл. Шота дзоруй силгоймаги сæребарæдзийнадæбæл æма уомæ гæсгæ зулун кæнуй индиаг паддзах Парсадани, æ кизгæ Нестан-Дареджани æнæуарзгæ адæймагæн æвæндонæй, тухæй ке дæттуй, уой тухххæй. Авторæн е ’ртæ бæгъатæри ’нцæ ’рдхуæрдтæ, кæд фæйнæ адæмемæй æнцæ, уæддæр: Автандил – арæббаг, Тариэл – индиаг, Фридон – мулказайнаг. Шота куд æвдесуй, уомæ гæсгæ æфсæддон адæймаг, куд æ райгурæн бæсти сæребарæдзийнади сæрбæл тохгæнæг, уотæ гъæуама уа удуæлдай бæгъатæр, æхсаргин æма лæгдзийнадæй æнхæст.

«Хъæйтар стайи цари» феодалон Гурдзистони дууадæсæймаг æноси културæн æй æ тæккæ бæрзонддæр цъопп. Гурдзий литературæ æма æхсæнадон гъудий ирæзти историй уомæн æ бунат æй агъазиау, æмбал кæмæн нæййес, уæхæн.



Нæ Цæдеси рæстзæрдæ дзиллæ Шотай имисунцæ æма ин аргъ кæнунцæ. Уотæ ’й имисæн мах, иристойнæгтæ дæр. Нæ дзилли æхсæн Шотай тухххæй ма сауæнгæ таурæхъ дæр байзадæй, уой æ рæстæги радзурдта номдзуд таурæхъгæнæг Сланти Гаха. Мухур æй кæнæн.

### СОЛТАН РУСТАУЕЛИ

Солтан еу кизги хæццæ зонгæ адтæй, гъæуама ’й ракурдтайдæ. Фал æй фæссайдта æма æндæр кизги ракурдта. Кизгæ, æвæдзи, загъта: «Æз лæгмæ нæбал æрцæудзæнæн, фал Солтанæн ести лæгъуздзийнадæ куд фæууинон, еци амонд мин раттæд, Хуцау!»

Еуæхæни Солтан адтæй хунди. Кизгæ дæр æхе лæхъуæни арæзт искодта æма загъта: «Солтани хæдзарæмæ бакæсон, цума ци уавæри уодзæнæй».

Солтанмæ ба адтæй еу сау арæббаг ихуæрст. Кизгæ фæрсаги комкоммæ бацудæй. Кæсуй æма дессаг: Солтани уосæ арæббаги гъæбеси бадуй.

Кизгæ сæ ку фæууидта, уæд рауадæй, æма, Солтан хунди кæми адтæй, еци хæдзарæмæ иссудæй. Дуарæй бадзурдта æма имæ еу биццеу ракастæй.

– Цо, æма Солтанæн зæгъæ, е ба мæмæ æндæмæ ракæса!

Солтан имæ рацудæй. Кизгæ ин загъта:

– Æз ди корун, æма аци сахат дæ хæдзари ци гъуддаг ес, уой куд фæууинай...

Лæг рараст æй æ хæдзарæмæ æма сæ æцæгæйдæр уотемæй фæууидта. Солтан неци исдзурдта, уотемæй рацæуй. Кизгæ ба лæхъуæни дзаумæутти æ размæ рауадæй æма ’й фæрсуй:

– Фæууидтай дæ хæдзари гъуддаг?

– Фæууидтон, фал дæуæн дæр хуæрзæнгорæггаг гъæуама радтон, – æхуæдæг ба хъæма фелваста æма кизги нитъгъæпп ласта. Нæ ’й зудта, кизгæ ке адтæй, уой.

Кизгæ ин загъта:

– Æрбадæ, æз дæ уæргутæбæл гъæуама рамæлон. Етæ Хуцауи искон гъуддæгутæ ’нцæ: æз гъæуама фæццардайнæ дæ къохти æма мæлгæ дæр ракодтайнæ дæ къохæй. Нур Хуцауæй боз...

Гæнæн ин нæбал адтæй, æма Солтан кизги курдиадæ исæнхæст кодта. Кизги ку банигæдта, уæд бацудæй æ хæдзарæмæ æма æ уосæн загъта:

– Мæнæн адæми æнæ ’рхонæн нæййес, Тамарæ-паддзах дæр сæ хæццæ, уотемæй. Æхуæдæг ба хæдзари фæллойнæй æхца искодта æма сæ хурдзинти бафснайдта.

Фингæ ку исцæттæ ’й, уæд Солтан рарвиста æ хонгути æма æхе æмхузон адæм берæ æрхудта. Æрбацудæй Тамарæ дæр. Хуарз сæ фæууидта, хуарз мийнасæ син фæккæнун кодта. Уæдта ку исистадæнцæ, уæд æ бæх исефтигъта, æ хурдзинтæ бæхбæл исæвардта, æхуæдæг адæми ракодта æма сæ тургъи æруорæдта. Æ уосæ, арæббаги æмæ æ уоси ’нсувæри фæрсæй-фæрстæмæ æрлæуун кодта æма загъта:

– Еу гъаст уин кæнун, æма ин цума ци тæрхон искæндзинайтæ.

– Дзорæ, – загътонцæ ин иуазгутæ.

Æма лæг радзурдта, гъуддаг куддæриддæр рауадæй, уой.

– Нур уæ фæрсун: еци арæббагæн циуавæр тæрхон искæнун гъæуй?

Етæ загътонцæ:

– Е мæнгæттæ дзубанди æй, фал кæд æцæгæй уотæ ’й, уæд гъæуама арæббаг аци бæстæй фесæфа!

– Хуарз. Фал еци лæг уацхæссæг кизги рамардта. Уомæн ба циуавæр тæрхон æнгъезуй?

– Адæм ин загътонцæ:

– Кизги мард æцæг кæд æй, уæд лæги гъæуй Иерусалими æртæ анзи бакосун.

– Мадта е еске нæ адтæй, е мæхуæдæг адтæн. Дæлæ мæ арæббаг æма мæ уосæмæ кæсетæ? Еци гъуддаг ба етæ бакодтонцæ.

– Æхуæдæг ба син æ ходæ исиста, арфæ ракодта æма Иерусалиммæ рафардæг æй, æ мæлæт дæр уоми иссирдта.

Уæд уоси ’нсувæр æхе медæгæ искарста: «Аци гъуддаг æцæг æй, мæнгæттæ ’й, уой гъæуама базонон».

Еу бон ку адтæй, уæд сæмæ ауонæй кæсуй æма бабæй арæббаг æма Солтани уосæ бадунцæ еу рауæн æма дзубанди кæнунцæ. Æнсувæр сæмæ игъосуй.

Арæббаг уотæ: «Мæнбæл дæр ма ци цийнæ кæнис, мæнæн дæр аци бæстæй æнæ фесæфæн нæййес!»

Уосæ загъта: «Гъо, никки ма мин ду дæр ку фесæфай... Хуцау мин дæ сæр ма байсафæд, – уæд ма æз ба ци кæндзæнæн?»

Æнсувæр дуар басаста, хæдзари фæммедæг æй, кард фелваста æма си арæббаги бæрзæй рахаун кодта. Сæр зæнхæмæ æрхаудтæй. Æнсувæр æй иссиста, гæрзæ си баласта, уоси бæрзæйи æй уæхæн æгъдауæй бафтудта, рахецæн кæнæн ин куд нæ адтайдæ, уотæ.

Уосæ берæ фæгъгъезæмарæ кодта арæббаги сæр æ уæле, уотемæй, æма рамардæй.

***Аци таурæхъ финст æрцудæй Дзæуæгигъæуи, 1921 анзи 16 сентябри.***



# ХУАРЗÆЙ ÆЙ ИМИСÆН МАХ ДÆР

## ШОТА РУСТАВЕЛИЙ РАМÆЛÆТИ 805 АНЗЕЙ БОНМÆ







***Устур Фидибæстон тугъди архайæг, отставки болкъон Михаил Деркачев æ киунугæ «Особое поручение»-й финста: «Куд ССР Цæдеси Сæйраг Совети депутат, уотæ Плийи-фурт устур æргом æздахта, ци финстæгутæ иста, уонæмæ. Аци финстæг дæр кастæй æхуæдæг. Еунæгемæн дæр си дзуапп æнæратгæ нæ фæцæй. Æ дзурдæн алкæддæр***

# ПЛИТЫ ИССÆЙЫ ФЫД АЛЫКСАНДРЫ ХЪЫСМÆТ

**Æртинсæй анзей размæ, 1961 анзи 5 августи партий Цæгат Иристони обкоми фиццаг секретарæй æвзурст æрцудæй Хъæбæлоти Емæзай фурт Билар æма еци бæрнон бунати хъазауатонæй фæккуста саæнгæ 1982 анзи уæнгæ. Уой фæдбæл æрмæгутæ æрæги ку ниммухур кодтан, уæд нæмæ нæ газеткæсгутæй беретæ æрбадзурдтонцæ, арфæ нин кодтонцæ, æгайтима еци разагъди лæги рохс ном æма арфиаг гъуддæгути цитгин кæнæн, курдтонцæ, цæмæй уæхæн æрмæгутæ фулдæр мухур кæнæн. Адтæй ма си уæхæн курдиадæ дæр: Хъæбæлоти Билар æма Плити Иссæ хъæбæр хæларæй фæццардæнцæ, кæрæдзебæл æхцул адтæнцæ, æма, дан, хуарз уидæ уой туххæй дæр ниффинсун. Раст зæгъгæй, уой туххæй ма кæддæр финстан, фал еугæр Плийи-фурти дæр æримистонцæ, уæд мухур кæнæн еума æрмæгутæ - æ фидæ Александр æма Иссæн æхе туххæй цубур æрмæгутæ.**


Ирыстоны дыууæ номдзыд лæджы, ПЛИТЫ Иссæ æмæ ХЪÆБÆЛОТЫ Билар рæстудæй тынг æнувыд уыдысты кæрæдзийыл.

АЛЫ КÆМТТÆЙ ралидзгæйæ, адæм 1844 азы, æрцардысты Бæтæхъойыхъæуы. Паддзах сын зæххытæ радта, цæмæй Мæздæгæй Дзæуджыхъæумæ фæндаг æддагон æрбабырстытæй хъахъхъæной. Нæ фыдæлтæ, Хъайтыхътæ, Дзугкойтæ æмæ Созайтæ, уыцы заман ралыгъдысты Ходы хъæуæй, Бæтæхъойыхъæуы сæхицæн бынат ссардтой. Сæхи схуыдтой Ход, цæмæй сæ, кæцæй ралыгъдысты, уый рох ма уа.

Сæ царды уавæртæ æнцон нæ уыдысты, кусын дæр хъуыд, фыдгæнджыты ныхмæ хæцын дæр. Уымæ гæсгæ сæ хæцæнгæрзтæ, сæ хъатаратæ æдзухдæр уыдысты семæ. Фæсивæд рæзыдысты хъæбатыр, æргомныхас, кадмæ тырнгæйæ. Ныхас фæсайын худинаг уыд. Хъæуæй рацыд бирæ номдзыд лæгтæ: паддзахы æфсады инæлар Бигъаты Сослæнбег, Плиты Иссæ, Ходы Къоста, Бзарты Георги, Къубалты Алыксандр, Ходы Камал, Андиаты Сослан, Уататы Бибо æмæ æндæртæ.

XIX æнусы райдайæны ирон фæсивæд кусынмæ цыдысты Америкæмæ. Хъæуæй дæр бирæтæ афтыдысты уырдæм. Плиты Иссæйы фыд Алыксандр дæр уыд семæ. Мæ фыды хойы лæг мын радзырдта ацы хабар, Хъозатæй уыд, йæ ном Агыса, фæцард 97 азы. Мæ зæрдыл йæ мысинæгтæ бадардтон, æмæ уын æй радзурон...


ПЛИТЫ Аминæт йæ фырт Иссæ æмæ йæ чызг Хадизæтимæ.

Иу бон Хъозаты Агыса лæууы уынджы, хъæуы лæппутимæ, сæ рæзты диссаджы рæсугъд чызг донмæ рацыд. Уый уыдис Ходы Бибойы чызг Зæдукка (мæ фыды хо). Агыса йæ фæстæ кæсгæйæ баззад, лæппутæ йæ фæрсынц, дæ зæрдæмæ, дам, цæуы... Бæргæ, зæгъгæ, сдзырдта Хъозайы-фырт. Ракур æй, йæм дзурынц. Уыдон, дам, хъæздыг сты, дукани дæр сæм ис, æз та мæгуыр, – сдзырдта Агыса. Цæй, æмæ йæ аскъæфæм, дæ уынд, дæ конд – дзæбæх, – афæнд кодтой лæппутæ...

Агыса дæр сразы. Уыцы ‘хсæв бæхты къæхтыл стыхтой нымæты гæбæзтæ, цæмæй сæ хъæр ма хъуыса, уый тыххæй, сабыргай хæдзармæ бацыдысты. Мады дæлфæдтæй Зæдуккайы райстой, нымæты йæ атыхтой æмæ афардæг сты. Райсомæй фæдисы фесты, кæм ис, Зæдукка, зæгъгæ. Цыбыр рæстæгмæ рахъæр, Хъозаты Агыса йæ аскъæфта, зæгъгæ.

Мад, Госæма, загъта, уыцы лæппу мæм æрбацæуæд, ныхас мæм ис (уæдмæ Бибо æгас нал уыд). Хъозаты лæппу йæм фæзынд, Госæма йын афтæ: «Цы æрцыд, уый æрцыд. Чызг аскъæфын диссаг нæу, фæлæ ма йæ хæссын дæр хъæудзæн! Цæмæй дæ цард саразай, уый тыххæй Америкæмæ ацу, уым кусы Плиты Алыксандр. Ссар æй, æхца бакус, чызджы та ардæм рахон. Куырдуаты дæм æнхъæлмæ кæсдзæн. Уый фæстæ йæ æгъдауимæ ахæсдзынæ».

Агыса дæр ницыуал загъта, Плиты Алыксандр хæдзармæ цы фыстæг сæрвыста, уый райста. Уыдис дзы йæ адрис фыст. Æфсæнвæндагыл Германмæ бахæццæ, уырдыгæй сбадт науыл æмæ денджызы аленк кодта. Америкæмæ бахæццæ, пъисмомæ гæсгæ ссардта Плиты Алыксандры. Диссаг у, уыцы балцы цæугæйæ Агыса æрмæстдæр ирон æвзаг зыдта.

Уыцы заман æнахуыргонд лæгæн цавæр куыст радтаиккой? Саукуыст, белæй зæхх къахтой. Куыд дзырдта, афтæмæй тынг арф къахтой, æхсæз метры йæ арф æмæ йæ уæрх.

Стыр дурыл-иу куы сæмбæлдысты, уæд-иу æй кусджытæ егъау бырауæй бахуынчъытæ кодтой, америкаг-иу йæ алы хуынчъы дæр динамит бавæрдта. Кусджытæ-иу сыджыты ауон æрхуыссыдысты, америкаг та динамит рæмыгъта. Стæй-иу бар радта дарддæр кусынæн. Иу æнæхайыры бон, америкаг, рæмыгъдтытæ нымайгæйæ, фæрæдыдис, раздæр радта кусыны бар. Æнæзивæг æмæ рæвдз лæппу Плиты Алыксандр се 'ппæтæй раздæр ныггæпп кодта дзыхъмæ, дур срæмыгъта æмæ дæ фыдгул, афтæ... Лæг дзыхъмард фæцис. Ирон фæсивæдæн сæ хуыздæр йæ мæлæт кæйдæр хæлиудзыхы тыххæй ссардта. Мард Ирыстонмæ ласын нæ бауагътой, æмæ йæ уым, уæлмæрдты баныгæдтой.



ПЛИТЫ Аминæт æмæ йæ фырт Кириллы цыртытæ æмвæрстæ сты Дзæуджыхъæуы уæлмæрдтæй иуы.

Хъозаты Агыса ма цасдæр рæстæг бакуыста, 1914 азы нæхимæ рацыд. Куыддæр Уæрæсемæ æрбахæццæ, афтæ Фыццаг дунеон хæст райдыдта. Хъæумæ куы схæццæ, уæд хæдзармæ базылд, дыууæ галы æд уæрдон балхæдта, æгъдауæй рæсугъд Зæдуккайы æрхаста. Рæстæг змæст уыд, Ирыстоны адæм бирæ фыдæбæттæ федтой, уæлдайдæр та Бæтæхъойыхъæуы цæрджытæ. Мæхъхъæл сыл гадзрахатæй цыдысты, сæ хæдзæрттæ сын сыгътой. Фæлæ Плиты Апыксандры бинонты сыгъзæрин Уастырджи йæ рахиз базыры бын бакодта.

Плиты Алыксандр архайдта йæ бинонты фæдарыныл, куыста фæсарæнты, дуркъахæнты фæмард. Кæд Иссæ гыццыл уыд, уæддæр йæхи хъаруйæ сахуыр кодта, ссис æфсæддон. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты йæхи хъæбатыр æмæ хъайтар инæларæй равдыста, ирон адæм ыл кады зарæг скодтой. Йæ ном айхъуыст дунейыл. Уыдæттæ, тæхуды, йæхи цæстæй куы федтаид, мæгуырæг, Плиты Алыксандр.

***ХОДЫ Къола,***
***Хуссар Ирыстоны Хетæггаты Къостай номыл премий лауреат.***

**РЕДАКЦИЙÆЙ.**

*Плити Александри бийнонтæ еци æверхъау цауи фудæй æнæ фидæй ке райзадæнцæ, е сæ хъæбæр уæззау уавæрти багæлста. Фал еугур зиндзийнæдтæ æма нæхъæртондзийнæдтæн дæр бафæразтонцæ. Сæ мадæ Аминæт уоййасæбæл хъаурæгин разиндтæй уодæй дæр æма зундæй дæр, æма æ цæуæти царди раст надæй фæккеун нæ бауагъта, исгъомбæл сæ кодта æма адæми ‘хсæн федауцæй сæ царди гъуддæгутæ æнхæст кодтонцæ.*

*Сæ бийнонтæ ци берæ зиндзийнæдтæ æма гъезæмæрттæ бавзурстонцæ, уой Иссæ æ царди фæстаг бæнтти уæнгæ дæр æ зæрдæбæл, æвæдзи, дардта. Æма уомæ гæсгæ ба уæлдай лæмбунæгæй ауодудта, тухст уавæри ка бахауидæ æма æ агъаз ке багъæуидæ, уонæн.*

*Уогæ еци хабæрттæ нæ дзиллæн, махмæ гæсгæ, хуарз зундгонд æнцæ. Уæдта ма уотæ дæр æнгъæл ан, æма син цæмæдессаг уодзæнæй, мæнæ идарддæр ци æрмæг мухур кæнæн – фæллойни ветеран æма финсæг ЗАКАТИ Александри фурт Алексейи имисуйнæгтæ Плити Исси хæццæ фембæлди туххæй – е дæр.*

**Нæ номдзуд æмзæнхон, Советон Цæдеси Бæгъатæр Валухов Иван Сергейи фурти райгурдбæл 22 августи æнхæст кæнуй аст æма фондзинсæй анзи (1913-1966).**

*адтæй хецау. Дессаг мæмæ кастæй, куд неци си иронх кодта, алцидæр æ зæрдæбæл куд дардта, уой. Адтæй имæ сæрмагондæй гæгъæди, æма си цубурæй цидæртæ фæббæрæг кæнидæ. Æ хæццæ ка куста, етæ зудтонцæ, Иссæмæ уæхæн сæрмагонд гæгъæди ке ес, уой, æма архайдтонцæ æ фæдзæхститæй маци феронх кæнунбæл...»*





ПЛИТИ Иссæ ахид æма хъæбæр æхцæуæнæй æмбалдæй адæми, уæлдайдæр ба е 'мтохгæнгути хæццæ.

# МÆ ЦÆСТЫТЫЛ УАЙЫ...



**ЗАКАТИ Алексей,**
(1931-2005)
финсæг, публицист

ÆГЪАТЫР уад-рæстæг хæлæфæй тындзы... Рог уадымс æнусон Терчы сонт хъæр дардæй æрбахæссы, фæлæ та йæ уайтагъд бæлæсты иугæндзон уынæр йæ быны анорды. Лæууæм æдзæмæй æгомыг ингæны уæлхъус. Ингæны сæр дидинджыты 'хсæнæй къамы зыны Иссæйы худызмæл цæсгом.

Стыр фæндагæй æрбаздæхынц ацæргæ адæм, фæсивæд... Сæ къухтæ авæрынц ингæны уазал къæй дурыл. Сæргуыбырæй алæууынц исдуг æмæ ацæуынц...

Мæ цæстытыл та уайы Иссæйы цардæгас фæлгонц. Мæнæ æфсæддон училищейы дуарæй рахызт æмæ заводы 'рдæм æрбацæуы. Мах цалдæрæй нæ директоримæ лæууæм дуармæ, æмæ йæ куы федтам, уæд батыхстыстæм: нæ депутаты, æвæццæгæн, фæнды йе 'взарджытимæ фембæлын. Фæлæ куысты фæстæ фæллад адæм сæ хæдзæрттæм ацыдысты. Куыдæй ма сæ æрбамбырд чындæуа?

Иссæ æрбахæстæг, бахудт, æвæццæгæн, бамбæрста нæ сусæг хъынцъым.

– Æнæниз ут! Уæ хорзæхæй, ма тыхсут. Рагæй уæм нал уыдтæн æмæ, зæгъын, уемæ иучысыл абадон, аныхæстæ кæнæм, кæд уæ 'вдæлы...

Къордæй директоры кусæнуатмæ бахызтыстæм. Ам уайтагъд адæмæй къухбакæнæн нал уыд. Иссæ стъолæй микрофон иуварс айста, бандон хæстæгдæр æрбавæрдта, æрбадт, æмæ ныхас бацайдагъ. Заводы куысты бæрæггæнæнтæ, йæ сомбоны пълантæ æмæ нысантæ нæ депутат хорз кæй зыдта, уый бæрæг уыди. Директоры ма культурæйы Галуаны арæзтады хабæрттæй афарста, афæдзы пъланæй цыдæртæ сбæлвырд кодтой, æмæ нæ уайтагъд йæ хъуыдыты зилдух ахаста хæсты быдырмæ. Йæ ныхасы-иу Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цаутæ разындысты куы æгъатыр карзæй, куы æнæнхъæлæджы худæнбылæй.

Иссæ агуывзæмæ суар рауагъта, сахуыста дзы æмæ фæлмæн бахудт:

– Кæмфæнды уон – нæ доны ад мæ зæрдæйæ нæ хицæн кæны, хатыр...

Иуцасдæр йæ цæстæнгас фæсагъæсхуыз:

– Хæрзаг зæгъут, хæстон хъуыддæгтæ æмæ заводæн цы ис иумæйагæй? Афтæ чи хъуыды кæны, уый рæдийы. Æз уын иу хабар ракæндзынæн хæсты рæстæгæй. Белоруссийы æгæрон быдырты мæ адъютантимæ не штаб нал ардтам. Афтæ рауад... Стыр хæсты ахæм хабæрттæ дæр вæййы... Æризæр. Æххормагæй тыхсын байдыдтам. Иуахæмы мæ адъютантмæ дзурын:

– Стыр диссагæн дзурдзысты дæ хабар.

– Цавæр хабар? – цæхгæр мæм фæзылди ме 'рыгон æмбал.

– Йæ инæлары, зæгъдзысты, хæсты быдыры æххормагæй амардта...

– Ахæм хабар нæ уыдзæни.

– Цæуылнæ?

– Æз мæхæдæг раздæр амæл... Фæздæг?!

Раст уыцы рæстæджы æз дæр ауыдтон дард быдыргæрон фæздæджы къуыбылой.

– Кæд немыц сты? – фæгуырысхо адъютант, фæлæ, бинокльæй куы акаст, уæд фæхъæлдзæгдæр. Фæздæг кæцæй цыд, нæ саргъы бæхтæ комкоммæ уырдæм сарæзтам æмæ уайтагъд æфсæддон цæлгæнæны уæлхъус алæууыдыстæм. Иу салдат дзы архайдта. Хæринаг кæмæн кæныс, зæгъгæ, йæ куы афарстам, уæд нын цыбыр дзуапп радта:

– Чи 'рбамбæла, уымæн.

Чысыл дарддæр дыууæ ифтыгъд бæхы мардæй куы ауыдтам, уæд хъуыддаг бамбæрстам. Æрбадтыстæм. Уайтагъд нын нæ разы йæ тæфкалгæ дзидзаджын кас авæрдта. Сомы уын кæнын, хæрзаддæр хæринагæй никуы фæхъæстæ дæн! Ме 'мбал дæр уидыгæй уыцы зæрдиагæй архайдта. Сыстадыстæм, нæ фысымæн арфæ ракодтам, æз ма йын ноджы йæ дæснылады тыххæй цыдæр арфæйы ныхæстæ загътон. Нæ рæдау фысым, цыма æваст сонт фæци – кæрæбинмæ фæлæбурдта æмæ нын бардзырд радта:

– Уæ арфæтæ гæххæттыл ныффыссут æмæ дзы уæ къухтæ æрæвæрут!

Мæ адъютантæн бар радтон, æмæ йæ блокноты сыфыл иу цалдæр ныхасы афыста. Æз дæр дзы мæ къух æрæвæрдтон, стæй ма хæринаггæнæджы афарста:

– Цæмæн дæ хъæуы ацы гæххæтт?

– Цæмæн хъæуы?! – бахъуыр-хъуыр кодта салдат. – Ныр дыууæ азы, æхсæв-бон нæ хынцгæйæ, аджы уæлхъус лæууын... æдзух мыл былысчъилтæ кæнынц. Загъд, замана... Чи мын бауæнддзæни, мæ хæринагæй мын афтæ феппæлыдыстут, ууыл? Хатыр, æмбал инæлар!

Æдзынæгдæр æм куы бакастæн, уæд ын йæ уадулыл ауыдтон цæссыг. Бауæндыдтæн ыл. Дæ минас бирæ, зæгъгæ, ма йын иу хатт загътон, æмæ нæ бæхтыл абадтыстæм... Æвæццæгæн, адæймаджы æдзух æфхæрын нæ хъæуы, бынтон æгуыдзæг куы уа, уæддæр. Искуы дзы раппæлын фæхъæуы. Сымахмæ заводы нæй æрвылбон «сагойыл» кæй дарут, ахæм æмбæлттæ? Ис, æвæццæгæн. Райсæм технологон æрмæг амалгæнæг хайады кусджыты. Заводы алыхуызы æрмæг куы вæййы, уæд кæй руаджы у, уыдоны хъуыды дæр ничи фæкæны. Фæлæ искæцы цех исты хъуаг баййæфта, уæд æрмæг амалгæнджыты сæ ныхтæ фæсадзынц. Æрмæг цауд детальтыл чи схардз кодта, уый кой ничи фæкæны.

Цæвиттон, иутæ уыцы иугæндзон аххосджыны бынатмæ бахауынц æнæхъуаджы, фæныхкъуырд вæййынц, сæ куыст размæ нал фæцæуы. Бирæ азты уæ хорзæй зонын æмæ уыл мæ зæрдæ дарын – уæ чысыл æхсæнады рæстдзинады фарн дæлæмæ не 'руадздзыстут... Æнтыстдзинæдтæ уын зæгъы мæ зæрдæ... Мах, хистæр фæлтæр, бирæ фыдæбæттæ бавзæрстам. Бауырнæд уæ, ахæм рæстæджытæ ныл-иу скодта, æмæ-иу салд зæххыл фырфæлладæй фынæйæ æрхаудыстæм, æгæрон хæсты быдырты-иу дойныйæ мардыстæм. Нæ хæрзмыггаг бæхты тæригъæддаг хъæрзын æмæ удхармæ-иу зæрдæ скъуыди – нæ-иу куымдтой цъымарадон нуазын. Фæлæ-иу дзы мах нæхæдæг, нæ цинелты фæдджитæй йæ фæрсудзгæйæ, сцъырдтам. Чи фæнымайдзæн не 'ппæт фыдæбæттæ, фæлæ рохгæнгæ дæр не сты.

Æмæ мын тынг зын вæййы, нæ фæсивæдæй чидæртæ се 'взонджы бонтæ æгуыдзæгæй куы фервитынц, уæд... Ростовы æфсæддон зылды ма куы куыстон, уæд-иу фылдæр хатт нæ куыст æхсæвы дыууæ-æртæ сахатмæ ахаста. Æмæ-иу уæд чысыл аулæфынмæ уыңгмæ рахызтыстæм. Уыцы рæстæг-иу нæ акомкоммæ ресторанæй бынæттон фæсивæдæй чидæртæ сæ цыппæртыл рахылдысты. Афтæ арæх сæ уыдтам, æмæ ма адæймаг ахъуыды кæны: кæцæй сæм хауы æрвылбон ресторайы хæрдзты фаг æфтиаг? Æз чысыл мызд нæ исын, фæлæ уын фидарæй мæ бон у зæгъын: ахæм хæрдзты фаг уый дæр нæу. Цымæ, цы пайда хæссынц не 'хсæнадæн уыцы «æвзыгъд» гуырдтæ?

Иссæйы цæстæнгас фæтар, агуывзæйы донæй та схуыпп кодта æмæ дзырдта дарддæр:

– Чи зоны, базæронд дæн æмæ цыдæртæ нал æмбарын... Фæлæ нын нæ бирæ хъизæмæрттæ, нæ зынгхуыст æмгæртты фарн нæ дæттынц ацы хабæрттæм куыдфæндыйы цæстæй кæсыны бар. Мах, хистæр фæлтæр, кæддæриддæр цæттæ стæм не 'ппæт тыхтæ, куы бахъæуа, уæд нæ цард дæр нæ адæмы сæрвæлтау нывондæн æрхæссынмæ. Æрæджы, Кубæ уæззау уавæры куы бахауд, уæд æгас дунейы раз равдыстам нæ хæстон цæттæдзинад. Дызæрдыггаг нæу, не 'хсæнад карз хъоды кæй бакæндзæн давджытыл, цæстфæлдахджытыл æмæ æндæр социалон цæлхдурæвæрджытыл. Æнæ уыдон нæ цæлхытæ рæвдздæр тулдзысты фидæнмæ...

Уый æнхъæл нæ чи уыд, æмæ фæстаг хатт кæй хъусæм не сгуыхт инæлары зæрдиаг фæдзæхстытæм?..

Фæстаг фембæлд?.. Нæ, уыди ма иу – фæстаг – фембæлд дæр!

Заводы хъуыддæгты фæдыл афтыдтæн Мæскуымæ. Мæ фысым ме 'рвадæлтæм, уæд Баджетæм, бахастон. Райсомæй куыстафонæй раздæр рацыдыстæм хæдзарæй, чысыл атезгъо кæнæм, зæгъгæ. Уыди фæззыгон ирд райсом. Сæууон ирдгæ уæнгтæ рог кодта. Калинины проспектыл иучысыл куы 'руадыстæм, уæд Бадджe цыдæр зонгæимæ фембæлд, æмæ, ныхасгæнгæ, 'рлæууыдысты. Цæмæйдæр мæм ироны хуызæн фæкаст йæ зонгæ. Чысыл дæлдæр мæ куы 'рбаййæфта Баддже, уæд æй афарстон:

– Дæ зонгæ ирон уыд?

– О, ирон. Нæ йæ зоныс? Мамсыраты Хаджи.

– Хаджи-Ксанти!.. – сфæрæзтон ма æз æмæ фæстæмæ атындзыдтон...

Дзæгъæлы згъордтон... Нал æй федтон: æгæр бирæ адæм змæлы Калинины проспекты. Фæстæмæ раздæхтæн, Бадджейы 'рбаййæфтон. Мæ уайдзæфтæ йæм ницы уыйас бахъардтой – йæ мидбылты худти. Нæ йæ зоныс ахæм лæджы, уый, дам, нæ зыдтон.

Иучысыл ма куы 'руадыстæм, уæд нæ комкоммæ цавæрдæр бæрзонд афицер æрбацæйцыди. Хæстæгдæрмæ йæ базыдтон – уый уыди Плиты Иссæ. Кæнæ йæм æгæр æдзынæг каст фæдæн, кæнæ мæ заводы бадардта йæ зæрдыл – йæ рахиз къух йæ къæмисæнтæм фелвæста æмæ сдзырдта:

– Æнæниз ут!..

Æз дæр ын цыдæр дзуапп радтон. Баддже фæлмæн бахудти:

– Дæуæн дæр дзы цауддæр зонгæтæ нæй...

– Иссæйы цалдæр хатты хæстæгмæ федтон, фæлæ Хаджийы никуы... Ныр ма йæ кæд фендзынæн?

Цæмæй зыдтон, канд Хаджийы нæ, фæлæ Иссæйы дæр æцæгдæр фæстаг хатт кæй уынын, уый? Æвæццæгæн, алы фембæлдæн дæр фæстаг уæвæн кæй ис, уый зæрдыл дарын хъæуы!

Ныр мæнæ нæ номдзыд лæгтæй иуы æгомыг цырты уæлхъус сæргуыбырæй лæууæм...

Рухсаг у, Иссæ! Æнусты дын мысæнт Ирыстоны дæ ном...



ПЛИТИ Исси цирт Дзæуæгигъæуи Кади Аллейи.

**Нæ номдзуд æмзæнхон, Советон Цæдеси Бæгъатæр Давыдов Ладо Шириншай фурти райгурдбæл 18 августи исæнхæст æй æвддæс æма цуппаринсæй анзи (1924-1987).**

***Мæскуйаг Еленæ Чернышкова: «Цæгат Иристонмæ мæ балци рахаста къуæре. Фусунтæ – мæ ардигон лимæнтæ – байархайдтонцæ, цæмæй фæууинон Дигоргоми, уæдта республики рæсугъддæр бунæттæ, хуæздæр базонон ардигон адæми... Аци алæмæти бæстæ фæууинуни фæсте мæ нæдæр денгизи билæмæ, нæдæр фæсарæйнаг курорттæмæ цæгун фæндуй...»***

# АМБРОЗИ - ТÆССАГ ЗАЙÆГОЙ

***Сæрдигон мæйти нæ алфамбулай бунæттæмæ ку ракæсæн, уæд сæ фæууиндзинан аййев гъолонмолон фæлустгондæй. Фал, махæн зæрдрохси æнкъарæнтæ æма æнæнездзийнадæ ци хæссуй, еци алæмæти рæсугъд зайæгойтæмæ хæстæг ахид фæууинун фæууй, хецæн адæймæгутæн гъезæмæрттæ ка 'взарун кæнуй, уæхæн хæмпæлгæрдæгутæ.***

Дзубанди цæуй, махæй алкедæр хъæбæр хуарз ке зонуй, еци æнæхайири амброзибæл. Фиццагидæр фæззиндтæй Цæгат Америки, фæстæдæр ба ниппурхæ 'й берæ æндæр бæститæбæл, æма нуртæккæ кæмидæриддæр нимад æй карантинон зайæгойбæл. Цæмæн ку фæрсайтæ, уæд деденæг калуни рæстæг æ ругæ аллергион нез – поллиноз, зæгъгæ, ке 'взæрун кæнуй, уой туххæй. Адæймаг уомæй хъæбæр фехснирсуй, гъостæ æма фий рахгæнунцæ, цæстисугтæ фæккæлунцæ, сæр фæрресуй, фулдæр хатт бауæри тæвдæ уæлæмæ исхезуй. Уомæй уæлдай амброзий ругæй сæйгæ кæнунцæ хъури астмæй, æндæр уæззау незтæй.

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради нин куд радзурдтонцæ, уотемæй поллинозæй сæйгити бæрæггæнæнтæ (100 мин цæрæги хигъдмæ) кæд Цæгат Иристони дæлдæр æнцæ Цæгат Кавкази федералон зилди, уæддæр рæстæмбес нимадæй 30 проценти фулдæр æнцæ, Уæрæсей цæйбæрцæ 'нцæ, уомæй. Специалисттæ фæстаг рæстæг фæдеси дзæнгæргутæ цæгъдунцæ: кæд æрæги дæр ма амброзий деденгути ругæ хъор кодта хестæр адæми, уæд нур ба диагноз «поллиноз» исæвæрунцæ минкъий сувæллæнттæн дæр.



Цума уотæ цæмæн æй? Сæйраг анхосæгтæй еу специалисттæ бæттунцæ амброзий хæццæ – зайæгойти 'хсæн тæккæ карздæр незæвзæрунгæнæги хæццæ. Уомæн æма е дзенети рауæн иссирдта нæ республики бæркадгин зæнхæбæл. Куд зонæн, уотемæй амбрози æ буни фæккæнуй хумтæ, рæзæдæнттæ, æма уомæй бæлвурд минкъийдæр фæууй гъæууонхæдзарадон культурти тиллæг. Еу сезонмæ е гектарæй дон бацъируй 900 тонни.

Раздæри æнзти амброзий хæццæ тохмæ кæнунмæ адтæй устур æргом здæхт. Хецауади бунæттон оргæнтæ унаффæ рахастонцæ аци тæссаг зайæгойти нихмæ мадзæлттæ исаразуни туххæй. Санитарон службитæ ба организацити минæвæртти хæццæ бæрæг кодтонцæ уавæр, æма, амбрози кунæггонд кæми нæ цудæй, еци кустуæтти разамонгутæ æма хе хæдзарæдти хецæутти ивар кæнун багъудæй.

Гъулæггагæн, нур уæхæн архайдæн æ кой, æ гъæр дæр нæбал ес, æма амбрози дæр кæми нæ фæззиннуй, еу уæхæн бунат нæййес. Фал æ нихмæ тох кæнун æнцон нæй. Афойнадæбæл дæрæнгонд ку не 'рцæуй, уæд деденæг калун райдайуй июли дуккаг æмбесæй саугæнгæ æрæгвæззæгмæ. Еу зайæгой ба тæккæ фулдæр раттуй 100 мин муггаги, æма кæд дуккаг анз сæ фулдæр хай нæ разайуй, уæддæр сæ цардгъондзийнадæ гъæуайгонд æрцæуй 40 анзей бæрцæ.

Ке зæгъун æй гъæуй, амбрози фесафунæн ахсгиаг хуасæ 'й химион бауæргъæдтæй (гербицидтæй) бапурх кæнун, цæмæй æ кой, æ гъæр мабал уа зæнхæбæл. Фал нуртæкки царди уæхæн мадзал æй хъæбæр хъазар, фæрæзнитæ ба нæййес. Уомæ гæсгæ аци зайæгой кунæг кæнунæн хуæздæр мадзал æй бундзарæй æй исæскъунæн, сæрди æма 'й фæззæги мæйти уæлæмæ искаст нæ уадзун. Гъæуама бунæттон хеунаффæйади администрацити разамонгутæ иронх ма кæнонцæ, е адæми æнæнездзийнадæ багъæуай кæнунæн æ хуæздæр хуасæ ке 'й, æма аци кустмæ рæвдзæ фæллæуун ке гъæуй, уони.

# СÆРДИ ТÆВДИТИ УÆХЕ ГЪÆУАЙ КÆНЕТÆ!..

***Тъæнгти незтæ 'нцæ уæззау инфекцион хуæцгæ незтæ, уонæмæ хаунцæ: губуни тиф, паратифтæ, губуннез (дизентерия), халерæ æма иннетæ. Сæ расайæг микроорганизмтæ тъæнгтæй ку рацæунцæ, уæд бахаунцæ зæнхæмæ, донмæ, хуæруйнагмæ, уоми берæ рæстæг фæццæрунцæ æма уотемæй адæймаги æнæнездзийнадæн фæуунцæ тæссаг.***

Тъæнгти незтæ расайæг инфекцихæссæг æй аци незтæй сæйгæ адæймаг. Уомæй багъæуай кæнунæн ес, санитарон мадзæлттæ æма гигиени хумæтæг домæнтæ æнхæст кæнгæй. Уони ка не 'нхæст кæнуй, уæхæн сæйгæ, цæбæлфæндидæр къохтæй бамбæлгæй, ибæл ниууадзуй микробтæ. Уой фæсте ибæл æнæнез адæймаг ку бамбæла, уæд микробтæ байзайунцæ æ къохтæбæл, идарддæр ба гъæлæсмæ бахъæртдзæнæнцæ, уæлдайдæр, адæймаг æ къохтæ ку не 'хсна, æ нихтæ ку 'хсина, уæд. Сувæллæнттæбæл тъæнгти нез ахид бацæфсуй, алцидæр сæ гъæлæсмæ ке есунцæ, уой туххæй. Уотемæй хæлеу кæнунцæ тъæнгти инфекцитæ.

Еуæй-еу хуæруйнæгтæ, зæгъæн, аллихузон салаттæ, паштеттæ, фарш уæлдай хуарз æнцæ микробти парахаттæн. Уæхæн хуæруйнæгтæн уазалгæнæни дæр берæ дарæн нæййес. Губуннез æма тъæнгти æндæр незтæ ахид бацæфсунцæ цъумур рæзæ æма халсартæй. Уæлдай тæссагдæр æй хуæргæнасæй, пъамидорæй, фæткъу æма æндæр рæзæ æма халсартæй, уомæн æма сæ тæвдæ дони нæ фехснунцæ. Тъæнгти незтæ фæззиннунцæ хом æхсир ниуазуни фудæй, сауæнгæ дони фудæй дæр. Уаруни æма æндæр цъумур дæнттæ ахид бахаунцæ, æ сæр хуарз æхгæд кæмæн не 'рцудæй, уæхæн донуæттæмæ кенæ, хуарз арæзт ка не 'рцудæй, уæхæн цъайтæмæ.

Инфекци парахатгæнгутæ 'нцæ биндзитæ дæр. Карз инфекцион тъæнгти незтæй адæм ахиддæр сæйгæ кæнунцæ сæрдигон. Уонæй багъæуай кæнуни мадзæлттæ 'нцæ хумæтæг, фал зæрдæбæлдаруйнаг:

– фиццагидæр, къохтæ алкæддæр гъæуама уонцæ кæдзос, æхснун сæ гъæуй хуæрди размæ, хуæруйнаг кæнуни райдайуни размæ, сувæллонæн хуæруйнаг даруни размæ, иуазæгдонæй алли рацуди фæсте дæр;

– халсартæ, рæзæ, гагарæзæ хуæрун æнгъезуй, цалдæр донеми сæ ку нихснайтæ, уæдта сæбæл фицгæ дон ку рауадзайтæ, айдагъдæр уой фæсте;

– æ сæр игон кæмæн æй, уæдта, æ уавæр зæрдæдзоргæ кæмæн æй, уæхæн донуат кенæ цъайæй ниуазуни дон гъæуй фицун;

– æхсир дæр гъæуй фицун;

– кæми цæретæ, еци бунати кæдзосдзийнадæ гъæуай кæнетæ;

– биндзæ хæдзарæмæ ма уадзетæ, хуæруйнæгтæ гъæуай кæнетæ, биндзæ сæбæл куд не 'рбада, уотæ;

– губуннез минкъийдæр бафеппайгæй, дохтирмæ батагъд кæнетæ, адæймаг æхуæдæг æхе дзæбæх кæнун райдайа, уомæн æруадзæн нæййес.

Аци хумæтæг амундтитæ æнхæст кæнгæй, тъæнгти инфекцийæй уæхе багъæуай кæндзинайтæ.




# РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆМБЕСÆН ÆЙ 471 СОМИ ÆМА 24 КЪАПЕККИ, ПЕНСИЕСГУТÆН БА - 406 СОМИ ÆМА 98 КЪАПЕККИ.


Дигорæ
РАФИНСЕТÆ
КÆДИМАЙДИ БА НÆ ГЪУДДАГ ФÆРРÆСТМÆ УИДÆ...

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.



Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№1868.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 12.08.2021.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 20.08.2021.



**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**

**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**